

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kacamatan Tanjungkerta boga kasang tukang sorangan patali jeung sistem méré ngaran patempatan, hususna dina ieu panalungtikan museur kana ngaran kampung. Nurutkeun data anu kacatet, Kacamatan Tanjungkerta ngawengku 12 désa jeung 74 kampung. Tina 74 ngaran kampung anu dianalisis ukur 69 ngaran kampung, ku sabab aya sababaraha kampung nu kaasup kana dua désa ku ayana pamekaran. Masarakat salaku palaku utama dina méré ngaran éta kampung, boga kasang tukang anu mandiri dina méré ngaran ka hiji kampungna, ku kituna kudu dipaluruh informasi anu aya dina kasang tukang ieu ngaran kampung. Éta informasi téh nyoko kana sababaraha aspék, saperti aspék fisik (hidrologis, géomorfologis, biologis), aspék sosial jeung kultural.

Ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta loba kapangaruhan ku aspék fisik, nya éta aya 41 (58,7%) ngaran kampung anu kaasup kana sababaraha unsur saperti, unsur hidrologis aya 22 ngaran kampung (dua pola linéar, jeung 20 unsur pola barung), salapan unsur géomorfologis (dua pola linéar, jeung tujuh pola barung), salapan unsur biologis flora (tujuh pola linéar jeung, dua pola barung), jeung hiji unsur biologis fauna (pola barung). Éta aspék fisik hususna unsur hidrologis nu loba mangaruhan téh, ku lantaran kaayaan géografis Kacamatan Tanjungkerta anu aya di tutugan Gunung Tampomas sarta daérahna mangrupa *dataran tinggi*. Ku lantaran kitu, wajar saupama ieu daérah tara kakurangan cai.

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Aspék séjénna nu mangaruhan ngaran kampung di Tanjungkerta, nya éta aspék sosial aya 25 (35,5%) ngaran kampung, jeung aspék kultural aya 4 (5,8%) ngaran kampung

Salian ti aspék-aspék nu mangaruhan kana éta ngaran kampung, ogé loba kapangaruhan ku carita rayat anu milu ngarojong kana kasang tukang ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta. Éta carita téh boga ajén-inajén anu luhung pikeun ngaronjatkeun rasa kareueus kana daérahna. Éta carita ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran, kalayan dipilih jeung nimbang carita anu luyu jeung tingkat kamampuh jeung kamekaran siswa sarta dumasar kana kritéria milih bahan pangajaran.

Luyu jeung kurikulum sarta SKKD basa Sunda 2006, ieu bahan pangajaran larapna pikeun siswa SMP kelas VII, utamana dina KD maca carita sajarah lokal/babad.

5.2 Rékoméndasi

Saréngséna ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi kayaning ieu di handap.

1. Panalungtik

Dina ieu panalungtikan ukur medar ngeunaan toponimi ngaran-ngaran kampung sa-Kacamatan Tanjungkerta, ku kituna kudu aya panalungtikan anu leuwih jembar, saperti tina segi wilayah, mitologi, sajarah jeung budayana.

2. Masarakat

Pikeun masarakat, hususna generasi ngora di ieu tempat panalungtikan kudu ngarasa reueus kana sajarah ngaran tempatna sorangan. Ku lantaran, saupama teu dijaga, éta sajarah lisan bakal tumpur tur generasi ka hareupna bakal pareumeun obor.

3. Pamaréntah

Pikeun pamaréntah, hususna Kabupaten Sumedang nu kiwari ngadéklarasikeun salaku Sumedang Puseur Budaya Sunda, kudu gancang-gancang ngadokuméntasikeun sajarah, hususna sajarah ngaran-ngaran kampung anu bakal ngalaman tumpur.

4. Lembaga Atikan

Pikeun lembaga atikan, tina hasil ieu panalungtikan kapendak aya sababaraha carita rayat anu bisa larapna pikeun bahan pangajaran. Éta hal, salaku tarékah pikeun nonoman dina ngajaga tumpurna sajarah ngaran-ngaran kampung di masarakatna, hususna dilingkungan pendidikan (sakola).